ISSN:
2181-3906
2025

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 4 / ISSUE 1 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# ÁMELIY KÓRKEM ÓNER TÚRLERINDE KOMPOZICIYA ISLEW USÍLLARÍ

**Abatov Jalǵasbay Orınbayevich**

Berdaq atıındag'ı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti w.w.a. docenti.

***e-mail:*** **jabatov@gmail.com**

**Kidirbaeva Muhabbat Kadembay qizi**

Berdaq atındag'ı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti 4-kurs talabası.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.14704612***

***Annotaciya.*** *Maqalada ámeliy kórkem óner túrlerinde kompoziciya islew usılları ham onıń ózine tán nızamlılıqlar, tiykarǵı nızamlıǵı, simmetriyalıq hám asimmetriyalıq kompoziciyalarda hár qıylı kórinisi, simmetriyalıq hám asimmetriyalıq kompoziciyalardan kompoziciya qurıw jolları xudojnikler hám ámeliy kórkem óner ustaları óz shıǵarmalarında kompoziciyalardan qanday paydalanǵanligi analiz etilgen.*

***Gilit sózler:*** *Ámeliy kórkem óner, kórkem óner shıgarması, kompoziciya, frontal,_nyuans, grafik dizaynde, qol óneri, gulalshılıq, ganshshılıq*

## МЕТОДЫ РАБОЧЕЙ КОМПОЗИЦИИ В ВИДАХ ИСКУССТВА

***Аннотация.*** *В статье анализируются способы создания композиций для прикладного искусства и их специфические правила, основные правила, различные образы в симметричных и асимметричных композициях, способы построения композиций из симметричных и асимметричных композиций, способы использования композиций в творчестве художников и художников. мастера прикладного искусства.*

***Ключевые слова:*** *Прикладное искусство, композиция, фронтал, нюанс, графический дизайн, ручная работа, гончарное дело, ганешки.*

## COMPOSITION WORKING METHODS IN APPLIED ARTS

***Abstract.*** *The article analyzes the methods of composition in applied arts and its specific rules, the main rules, the various forms of symmetrical and asymmetrical compositions, the ways of building compositions from symmetrical and asymmetrical compositions, how masters of applied arts and crafts use compositions in their works.*

***Keywords:*** *Applied art work, composition, frontal, nuance, graphic design, handicraft, pottery, ganeshism.Keywords: Applied art work, composition, frontal, nuance, graphic design, handicraft, pottery, ganeshism.*

Ámeliy kórkem óneri túrlerinde kompoziciyanıń ózine tán áhmiyeti bolıp, olar barlıqtaǵı hám iskusstvodaǵı gózzallıqlardı kóre biliw, qabıl etiw, túsiniw hám qádirlewge úyretiw, estetikalıq hám kórkemlik bilimin asırıw, oqıwshılardıń kórkem pikirlew dógeregin keńeytiw, kórkem dóretiwshilik qábileti hám fantaziyasın rawajlandırıw, ámeliy óner dóretpelerin túsingen halda oqıy alıwǵa úyretiw ónerge degen qızıǵıwshılıqtı oyatıw, onı bahalaw, súyiwge úyretiw bolıp tabıladı.

Ameliy kórkem ónerinde: gulalshılıq, qol óneri, ganshshılıq, ag'ash oymashılıg'ı, gilemshilik usaǵan bir neshshe janrlar bar. Qálegen kórkem óner shıǵarmasınıń tiykarın kompoziciya quraydı.

Kompoziciya insan dóretiwshiliginiń barlıq túrlerinde keń qollanıladı. Sebebi ol poeziyada hám kórkem-ónerdiń barlıq túrlerine tán. Kompoziciya súwretlew óneri shıǵarması, arxitekturalıq estelikler kompleksi, dizayn kórkem ónerine tiyisli buyımlar-zatlar islewde de keń paydalanıladı.

Anıǵıraq aytsaq, suwretlew óneri, ameliy óner h'ám dizayn tarawında dóretiwshilik miynet etiwshiler ushın komozitsiya hawa menen suwday zárúr. Dóretiwshi miynettiń nátiyjeliligi onıń kompoziciyası qalay qurılıwına baylanıslı. Sonıń ushın óz shıǵarmalarında aqılǵa muwapıq shıraylı kompoziciya dúzip jaqsı natiyjelerge erisken xudojnikti meyli súwretshi, meyli arxitektor bolsın, onı kompozitor dep ataǵan.

Komoziciya ózine tán nızamlılıqlar hám qurallardan ibarat boladı. Onıń tiykarǵı nızamlıǵına tábiyat hám ulıwmalıq kiredi. Tábiyat simmetriyalıq hám asimmetriyalıq kompoziciyalarda hár qıylı kóriniste beriliwi múmkin. Tábiyatta elementler muǵdarı, forması,olardıń ortalıq penen óz-ara baylanısları,reńli kompoziciyada, tábiyiy halındaǵı uyǵınlıq arqalı erisiledi.

Simmetriyalıq hám asimmetriyalıq kompoziciyalardan kompoziciya qurıw ushın, birewin ekinshisinen qolaylıraq dewge bolmaydı. Kóplegen xudojnikler hám skul`ptorlar óz shıǵarmalarında asimmetriyalıq kompoziciyalardan keń paydalanǵan. [3.,27bet]

Zattıń formasın dúzetuǵın materiallar konstruktsiyası hám formanıń mazmunın hám forma menen keńislik arasındaǵı baylanıslar: ózgesheligi hám sapasına dóretpe formasınıń garmoniyalıq ózgesheligi, zat elementleriniń óz-ara bir-birine juwap beriwi, tábiyatı, dinamikası hám sol formanı jaratıwda barlıq elementlerge bir qıylı jantasıw – kompoziciyanıń tektonika kategoriyası elementlerine kiredi.

Súwretshilik, arxitektura, dizaynerlik shıǵarmalarǵa kompoziciya qurıw ushın proportsiya, nyuans, ritm, masshtab usaǵan tiykarǵı qurallar qollanıladı. [2.,24bet]

Bul qurallar arxitekturada hám dizayn buyımlarında formaǵa kórkem obraz beredi.

Súwretshi shıǵarmasında hám personajlar arasındaǵı baylanıslardı muwapıqlastıradı, uzaq hám jaqındı óz-ara baylanıstıradı, saya hám júdá jarıqlıqtı uyǵınlastırıp sáwlelendiriwde tiykarǵı qural bolıp xizmet etedi.

Kompoziciyanıń frontal`, kólemli hám tereńlestirilgen – keńislik usaǵan túrleri, iskusstvo shıǵarmalarınıń barlıq túrlerinde; atap aytqanda, arxitektura hám skul`pturada keńnen qollanıladı.





Frontal` kompoziciyada shıǵarmanıń erkin halda orınlanıwına háreket qılınadı. Shıǵarmanı dóretiwde dóretiwshilik izleniw belgili shegara dógereginde alıp barıladı. [1.,32bet]

Kólemli kompoziciyada úsh: (uyǵınlıq, eni hám bálentligi) ólshem ishinde dóretiwshilik izleniw alıp barıladı. Onda kompoziciyanıń barlıq qurallarınan ónimli paydalanıladı. Atap aytqanda, arxitekturalıq esteliktiń keńislik hám ortalıq penen óz-ara baylanısın jaqsılawda klassika, kolorit, faktura, kólem, salmaq, mazmun hám ideyanıń áhmiyeti oǵada úlken.

Kólemli kompoziciyada kórkem plastik printsipler ózgerip turadı, jańa stiller payda boladı.

Qollanılatuǵın shiyki zat materiallar hám olardı qollanıw usılları ózgeredi, shın uyǵınlıq hám gózzallıq dóretiwshi kompoziciya nızamlıqları: teńsalmaqlılıq nızamı, birlik nızamı hám bir-

birine baǵınıw nızamı, sonday-aq kontrast, ritm, nyuans, uqsaslıq, proportsiya hám masshtab usaǵan uyǵınlıq quralların paydlanıladı.

Tereńlestirilgen keńisliktegi kompoziiya súwretshilikte, ámeliy kórkem óner hám arxitekturada keń qollanıladı. Ámeliy kórkem óner túrlerinde joqarıdaǵı nızam hám qurallardıń qaysı birine ámel qılınbasa, bunday kompoziciya birinshiden, haqıyqıy kórkem shıǵarma dárjesine jetpeydi. ekinshiden, ansambl`diń ulıwma kompoziiyasın tómenletip, sulıw kórsetiw, shıraylandırıw, gózzallandırıw funktsiyası tolıq iske aspaydı.

Keńisliktegi kompoziciya dóretiwde fakturanıń áhmiyeti júda úlken. Faktura formalarınıń ulıwma kórinisi, reńlerdiń anıq-ráwshanlıq dárejesine tásir etedi. Mısalı, formanıń betine reńdi, yamasa kún awıwına baylanıslı jarıqlıqtı jutatuǵın yaki qaytaratuǵın qásiyetke iye faktura berip, onıń kózge túsiwin azatıw yamasa onıń awır-jeńilin kúsheyttiriw múmkin. Bul jaǵdayda imarat, buyım kompoziciyasında kózde tutılǵan tiykarǵı forma emes, basqa formanıń tiykarǵı forma bolıwına imkan jaratıwı múmkin. Grafik dizaynde de usınday jaǵday seziledi.

Sonday-aq bolajaq súwretshi kompoziciya islew ushın kórkem dóretiwshilik jumıslardı analizlep, olardı salıstırıp uyreniwi zàrur. Sol maqsette bir neshe súwretshilerdiń birdey temadaǵı dóretiwshilik jumısların uyreniw paydalı boladı. Bunday shınıǵıwlar bolajaq súwretshiniń ámeliy kórkem óner túrlerinde hám reńli súwrettegi bilimlerin bekkemlewge hàm tereńlestiriwge xızmet etedi. [4.,2bet]

Maqalamızdıń aktuallıǵı ámeliy kórkem óner túrlerinde kompoziciya jaratıw arqalı adamnıń gózzallıqtı súyiwi, shayırlar tili menen aytqanda, «gózzallıq shaydası» bolıwı ham onda bahalaw uqıplılıǵın, gózzallıq nızamı boyınsha dóretiwshilikte miynet ete alıw qábiletin qáliplestiriw, tábiyat penen sırlasıp, kórkem óner dóretpelerin qabıllap, miynetke ham kórkem dóretiwshilikke qatnasıw arqalı óz maqsetine eristiriwshi, gózzallıq nızamı boyınsha jasawǵa tárbiyalaytuǵın birden bir tárbiya estetikalıq tárbiya túsinigine kiretuǵın - kompoziciya menen baylanıslı.

**REFERENCES**

1. Egamov A. Kompizitsiya asoslari 5-9 sinflar T., «Sańat» 2005
2. Nazilov D.A h.t.b Kompozitsiya asoslari T «Yangi asr avlodi» 2009
3. Abduraxmanov Ǵ. M. Kompozitsiya asoslari T., 2003
4. Abatov J. O. Integraciyon yondashuv asosida tasviriy sańat darslarini úqitish 2023 https://doi.org/10.5281/zenodo.8416152

5. Abatov J. O. Tarixni bilish orqali tasviriy sanát namunalarini tushunishga úrgatish usullari 2023 ***https://doi.org/10.5281/zenodo.8418533***
6. Abatov J. O. Tasviriy sańat faniga badiiy yondashuv 2024 ***https://doi.org/10.5281/zenodo.14205820***
7. Абатов Жалғасбай Орынбаевич. Интеграцион ёндашув асосида тасвирий санъат дарсларини ўқитиш “MODERN SCIENCE AND RESEARCH” халқора илмий журнал. 2023 https://doi.org/10.5281/zenodo.8416152